



Biwo  
Gouvènè a

No. 49 FY 19/20  
DAT 29 April 2020

## YON LÒD POU RETE LAKAY AN SEKIRITE

**ALÒSKE**, mwen te pwoklame yon eta dijans nan dat 15 mas 2020 ak yon eta dijans ki renouvle nan dat 14 avril 2020 pou otorize itilizasyon pouvwa ijans yo pou kapab elaji ak akselere repons Leta a pou risk sante ak sekirite grav COVID-19 la ki danjere anpil; ak

**ALÒSKE**, ant 18 mas ak 3 avril, mwen te pibliye lòd Egzekitif 14, 19, 28 ak 34 ane fiskal 19/20 ki, pou rezon ak otorite ki endike ladan, enpoze jouk 30 avril kèk règ ijans ak limit nesèsè pou reponn a COVID- 19; ak

**ALÒSKE**, li nesèsè pou nou prolonje dat efektif lòd sa yo pou nou ka kontinye pwoteje sante piblik la pandan, anmenm tan, mete an aplikasyon *ANSANM NOU SE MAINE: Plan Rekòmansman Ekonomik Maine la (ki apre Plan Rekòmansman)*, kòm pwosesis deliberatif pou idantifye ki jan kèk restriksyon sou biznis yo ak aktivite yo ka diminye gradyèlman san danje;

**KOUNYE A, POU REZON SA A**, Mwen, Janet T. Mills, Gouvènè Eta nan Maine, dapre 37-B M.R.S. Ch. 13, ki gen ladan men ki pa limite a otorite yo ki te site nan Pwoklamasyon yo ak referans lòd pi wo a, òdone nan moman sa a konsa:

### I. OBJEKTIF

Objektif lòd sa a se pou kontinye bay pwoteksyon ak sekirite sante piblik la priyorite nan kenbe kèk mezi sekirite piblik ki egziste deja pou biznis ak aktivite pèsònèl ki anvigè jiska 31 me 2020 ak aplike *PLAN REKÒMANSMAN AN* pou evalye kijan kèk restriksyon, ki konsistan avèk konsèy ekspè sante piblik yo, ka diminye san danje pou pèmèt plis aktivite ekonomik ak pèsònèl.

## II. PRIYORITE AN PÈMANANS SANTE PIBLIK

Pwoteksyon sante piblik ak sistèm livrezon swen sante nou yo ap rete premye priyorite a. Komisyone Depatman Sante ak Sèvis Imen (DHHS) ak Direktè Sant Maine pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (CDC) dwe kontinye enfòm sou direksyon ak enfòmasyon chif COVID-19 yo pou gide rit, vitès ak dimansyon nenpòt mezi pou diminye restriksyon aktyèl yo. Nan moman sa a CDC nan Maine ap monité chif prensipal yo, ki ka toujou chanje:

- A. yon diminsyon gradyèl nan ka maladi yo tankou grip ak ka sindromik ki tankou COVID;
- B. yon diminsyon gradyèl nan ka ki deja dokimante yo ak nouvo pasyan ki entèn lopital; ak
- C. kapasite sistèm lopital Maine la pou trete tout pasyan ki pa vin pran swen pou kriz la ak kapasite Leta pou mete yon pwogram solid pou fè tès.

## III. LÒD EGZEKITIF ANPLAS YO PWOLONJE

Pou kontinye pwoteje sante piblik la, dat efektif lòd Egzekitif 14, 19, 28 ak 34 ane fiskal 19/20 yo pwolonje pou 31 me 2020, sòf si gen yon amandman ki fèt anvan. Tout lòt dispozisyon lòd sa yo rete an efè epi yo sijè a entèpretasyon konsèy la. Konsèy sa a gen ladan, men se pa sa sèlman, aplikasyon *Plan Rekomansman an*, enkòpore nan lòd sa a dapre referans sa a.

## IV. ETAP PLAN REKÒMANSMAN YO

Kòmanse nan 1<sup>ye</sup> Me 2020, epi annakò avèk mezi ak rekòmandasyon CDC / DHHS Maine, Komisyon Depatman Devlopman Ekonomik ak Kominotè (DECD) dwe aplike *Plan Rekomansman an* epi idantifye biznis ak aktivite kote restriksyon aktyèl yo ka ajiste pou pèmèt plis aktivite ekonomik ak pèsonèl san danje. Biznis ak aktivite ki idantifye yo ka resevwa yon apwobasyon kondisyonèl ki konsistan avèk *Plan Rekomansman an*. Yon apwobasyon konsa ka chanje selon demonstrasyon efikasite kondisyon ki enpoze yo oswa chanjman nan bezwen jeneral sante piblik la. Yon apwobasyon konsa ka sijè a sispansyon oswa revokasyon, sa depann de konfòmite aktyèl ak konsistans kondisyon sa yo. DHHS dwe bay konsèy pou DECD ak lòt moun sou pwosesis pou sèvis sante yo ki idantifye nan *Plan rekòmansman an*.

## V. KOUVRI FIGI AK TWAL

Konfòm ak rekòmandasyon ki soti nan Sant Etazini pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi, moun dwe mete kouvèti twal nan figi yo nan anviwònman piblik kote lòt mezi distans fizik yo difisil pou yo ka aplike.

- A. **Definisyon.** Pou rezon seksyon sa a, men kisa tèm sa yo vle di.

1. "Anviwònman piblik" vle di:
  - a. espas andedan ki aksesib pou piblik la tankou boutik, magazen an detay, famasi ak sant swen sante;
  - b. espas deyò tankou lakou rekreyasyon, paking, ak lòt zòn tankou liy pou sèvi manje kote piblik la anjeneral rasanble nan yon zòn ki piti; ak
  - c. transpò piblik tankou yon taksi, Uber, Lyft, woulib oswa sèvis menm jan an; batiman kabotaj, otobis, oswa tren; ak nenpòt estasyon transpò ki mwatye fèmèn oswa zòn pou tann.

Anplwayè ki nan anviwònman yo kote piblik la pa ka antre ka detèmine ki moun ki ta dwe mete yon twal pou kouvri figi yo nan espas kote yap travay la epi yo dwe pèmèt nenpòt anplwaye ki vle mete yon kouvèti pou yo ka fè sa.

2. "Endividyèl" vle di nenpòt moun ki nan anviwònman sa yo menm si moun nan se yon anplwaye, kliyan, machann, envite oswa yon lòt moun.
3. "Kouvri figi ak twal" se yon fòm pwoteksyon ki kouvri nen ak bouch; li byen chita sou de bò figi a; byen fikse ak fisèl oswa pasan zòrèy; gen plizyè kouch twal; pèmèt ou respire san restriksyon; li kapab lave epi seche nan machin san domaje oswa chanje fòm li.

**B. Eksepsyon yo.** Kouvri figi ak twal pa obligatwa pou timoun ki poko gen 2 zan, yon timoun ki nan gadri, oswa pou nenpòt ki moun ki gen pwoblèm pou l respire oswa kondisyon medikal ki gen rapò avèk sa, oswa yon moun ki pa kapab retire mask la san ke yo pa ede l. Yon moun ki pa ka mete yon twal pou kouvri figi akòz yon kondisyon medikal pa oblije pwodwi dokiman medikal sou kondisyon an, menm lè patwon an ka mande yon anplwaye dokiman sa a annakò avèk lwa eta a ak federal la.

**C. Lòt bagay.** Kouvri figi ak twal pa ranplase konfòmite a pwotokòl distans sosyal la. Jan rekòmandasyon CDC yo ye nan moman sa a, mask chirijikal ak respiratè N-95 yo se materyèl enpòtan kap toujou rete rezève pou travayè swen sante yo, sekouris premye swen medikal, ak lòt travayè selon fason Federal rekòmande l la.

## **VI. DAT EFEKTIF**

Lòd sa a efektif nan dat 29 avril 2020, avèk seksyon V kap efektif nan dat 1 me 2020.

---

Janet T. Mills  
Gouvènè